

**Jidisyè Nyoudjèze**

**Entèvansyon Anvan  
Jijman (PTI)**

**New Jersey Judiciary  
Pretrial Intervention (PTI) – Haitian Creole**



---

**Pwogram Entèvansyon anvan Jijman (PTI) bay tout akize yo, jeneralman moun ki komèt premye enfrazyon, opòtinite pou jwenn altènatif apa de pwosesis pou swit jidisyè nòmal, penal tradisyonèl la. PTI chache bay sèvis reyabilitasyon pi bonè lè sèvis sa yo kab ede prevni konpòtman kriminel nan lavni.**

### **Kisa yo rele Pwogram Entèvansyon anvan Jijman (PTI)?**

Èske ou se yon granmoun oswa jèn moun kap fè fas a yon tribinal penal pou premye fwa? Si wi, ou ta kab aplike pou Pwogram Entèvansyon anvan Jijman (PTI). Si yo ta aksepte w, ou ta kab evite yon kondanasyon. PTI ta kab ede w jwenn oryantasyon, sipèvizyon, ansanm ak tout lòt sèvis ki ta kab ede w reprann chemen lavi w. Si w ranpli tout kondisyon ke tribinal la ta enpoze, yo ta kab anile tout akizasyon yo.

### **Kijan pou aplike pou PTI**

W ap jwenn yon aplikasyon an liy sou sit web Jidisyè a, nan [njcourts.gov/forms/12305\\_pti\\_app.pdf](https://njcourts.gov/forms/12305_pti_app.pdf) oswa nan depatman ka penal la nan chak tribinal nan konte yo. Ou fèt pou aplike le pli bonè posib, anvan yo prezante akizasyon fòmèl kont w si li posib. Aplikasyon an fèt pou soumèt anvan premye konferans sou dispozisyon dosye a, aprè lekti ofisyèl akizasyon a. Si w prezante demann la aprè sa, yo ta kab pa aksepte w nan pwogram PTI la.

Ou fèt pou konsilte yon avoka anvan ou aplike. Toujou prezante nan tout randevou tribinal pandan yap ke yap travay sou aplikasyon w an. Si w ta manke konparèt nan youn nan randevou pou prezante nan tribinal la, yo ta kab emèt yon manda darè kont ou.

Prezante ak aplikasyon ou nan biwo ki jere koze penal nan konte kote yo akize w an. Gen yon frè non-ranbousab de \$75. Yo ta kab egzante w de frè a si w kab pwouve ke w pa gen mwayen pou peyel.

Yo kab envestige dosye w. Anplwaye tribinal la kab entèvyeye w, entèvyeye fanmi w, patwon w, viktim yo, lekòl, tout ajans sèvis sosyal yo ke w te travay avek ak nenpòt ki lòt kote. Yo ka pwograme yon reyinyon avè w pou devlope yon plan oryantasyon oswa sipèvizyon anvan ou enskri nan PTI. Tribinal la va notifiye w si aplikasyon ou aksepte ou pa.

### **Kondisyon pou Patisipe nan PTI**

Si yo ta aksepte nan pwogram PTI la, Jij la ta ka ranvwaye tout akizasyon kont w yo pou jiska 36 mwa. Yap egzije w peye sèten amann egzijib, kankou \$50 ba biwo pou Konpansasyon ba Viktim Zak (Victims of Crime Compensation Office (VCCO)) ak \$76 pou Fon Evalyasyon Sèvis Sekirite Katye (Safe Neighborhoods Services Fund Assessment (SNSFA)). Li posib tou, pou oblije peye sèten lòt sanksyon, frè, amann ak ranbousman.

Ou kab patisipe nan pwogram PTI la pou 26 mwa. Yap deziye dosye w an ba yon ofisye sipèvizyon. Ou fèt pou reyini tout kondisyon tribinal la ta etabli, kankou depistaj pou dwòg o aza, sèvis kominotè, evalyasyon sante mantal ak/oswa dwòg ak tafya, epi konfòme w ak tout rekomandasyon tretman yo.

Si w pa konfòme w a tout kondisyon sa yo ke tribinal la ta etabli, yo kab retire w de Pwogram PTI la. Si sa ta rive, yap tounnen retabli tout akizasyon yo. W ap tounnen fè fas a tout pou swit jidisyè yo.

---

## Èske w elijib pou PTI?

Ou pa gendwa aplike pou patisipe nan PTI si

- Ou te deja enskri nan Pwogram PTI la anvan sa
- Ou te nan Pwogram liberasyon kondisyonèl oswa pwogram rejè kondisyonèl akizasyon yo
- Yo te annile tout akizasyon yo aprè w finn patisipe nan Pwogram Entèvansyon pou Veteran (Veterans Diversion Program)
- Ou te deja patisipe nan yon pwogram entèvansyon nan nenpòt ki lòt eta oswa tribinal federal pou yon Deli Grav oswa yon enfraksyon ki ta mande yon akizasyon ofisyèl
- Yo ta akize w de moun ki koze twoub piblik oswa moun ki komèt ti enfraksyon twoub piblik, oswa akizasyon kont dekrè minisipal oswa lòt enfraksyon ki pa kriminèl. Eksepsyon: Ou gendwa aplike si akizasyon koze twoub piblik la oswa ti enfraksyon twoub piblik la te gen pou wè ak Vyolans Adomisil.

W fèt pou gen otorizasyon Komisè Gouvènman pou aplike si

- Yo akize w de yon deli ki mande santans nan prizon oswa gen yon peryòd minimòm kote w pap elijib pou soti sou libète komdisyonèl
- Ou deja gen kondanasyon pou yon deli grav nan Noudjèze, oubyen men tip deli a swa nan yon lòt eta oubyen nan tribinal federal

Si okenn nan bagay sa yo aplik a w, ou fèt pou anekse yon deklarasyon ansanm ak aplikasyon pou PTI la. Deklarasyon sa a fèt pou gen bon jan fonman ki di pouki yo ta fèt pou konsidere aplikasyon ou an. Depatman koze Penal yo va depoze aplikasyon ou an, men tribinal la pap konsidere li amwens ke Komisè Gouvènman a ta dakò pou yo konsidere li.

Yo pap aksepte aplikasyon ou an si

- ou se anlwaye piblik oswa yon ofisyè ki akize de yon zak ki ta gen pou wè ak travay w oswa biwo w
- yo akize w de yon zak oswa enfraksyon ki gen pou wè ak vyolans adomisil ke w al komèt pandan ke w gen yon lòd rete kanpe lwem oubyen ki te gen pou wè ak vyolans oswa menas vyolans.

Si nenpòt nan kategori sa yo aplike, ou fèt pou anekse yon deklarasyon ak aplikasyon pou PTI la. Deklarasyon fèt pou gen bon jan fonman pouki yo ta fèt pou konsidere aplikasyon ou an.

## Rekou Dapèl kont yon Desizyon PTI

Si yo bay aplikasyon a refi, ou gendwa konteste desizyon sa a ak yon petisyon nan tribinal. Ou fèt pou depoze petisyon sa a ak Jij ki prezide nan seksyon penal la oswa ak Jij ki gen dosye w an. Ou fèt pou depoze petisyon ou an nan yon delè de 10 jou aprè w resevwa avi refi a.

## Efasman Dosye Jidisyè

Ou pap gen dosye kondanasyon si w konplete PTI. Ou kab chwazi pou depoze yon demann pou yo efasman dosye arestasyon a ak plent penal la. Wap jwen tout fòm ak enfòmasyon nan njcourts.gov oswa nan depatman penal nan tribinal lokal konte w a.

## **Resous Legal**

Pou plis enfòmasyon sou PTI ak tout kritè pou admisyon  
ou kab revize tout Lwa Noudjèze ki aplike yo:

**Lwa:** N.J.S.A. 2C:43-12 epi-13  
disponib [www.njleg.state.nj.us](http://www.njleg.state.nj.us).

**Règleman Tribinal:** Règleman 3:28-1 through 10  
disponib sou [www.njcourts.gov](http://www.njcourts.gov).



**Stuart Rabner**

Dwayen Tribinal la  
Chief Justice

**Glenn A. Grant, J.A.D.**

Direktè Administratif Pwovizwa Tribinal yo  
Acting Administrative Director of the Courts

CN 10304-Haitian Creole – Jen 2019